**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–29.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

वित्तमंत्री निर्मला सीतारमण आइ सँ बिहारक दू दिनक दौरा पर छथि। वित्तमंत्री आइ दरभंगाक राज मैदान मे आयोजित क्रेडिट आउटरीच प्रोग्राम मे ऋण वितरण समारोह मे भाग लेलीह। एहि बिच ओ उनचास हजार एक सय सैंतीस लाभुक सभक बिच एक हजार तीन सय अट्ठासी करोड़ टाकाक ऋण बांटलनि। एहि मौका पर श्रीमती सीतारामण जनौलनि जे ई कार्यक्रम उद्देश्य सरकारक योजना के देशक अंतिम व्यक्ति धरि पहुंचायब आओर हुनका सभ के आर्थिक रूप सँ समर्थ बनायब अछि। वित्तमंत्री जनौलनि जे प्रसिद्ध मखान आओर माछ उत्पादक किसान सभ के आसान शर्त पर ऋण देबाक लेल बैंक के आगू अयबाक चाही। एहि अवसर पर खाद्य प्रसंस्करण मंत्री चिराग पासवान, सांसद गोपालजी ठाकुर, संजय कुमार झा, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, मंत्री हरि सहनी विधायक संजय सराबगी सहित कतेको गणमान्य लोकसभ छलाह। एहि सँ पहिने वित्तमंत्री पटना मे पूर्वी क्षेत्रक आठ ग्रामीण बैंकक वित्तीय स्थितिक समीक्षा बैसक कयलनि। ई बैसक मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर ग्रामीण बैंकक वरिष्ठ अधिकारी सभ भाग लेलनि। एहि सँ पहिने पटना हवाई अड्डा पर वित्तमंत्री निर्मला सीतारामणक स्वागत भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल आओर पार्टीक आनो–आन कार्यकर्ता सभ कयलनि। वित्तमंत्री काल्हि मधुबनीक झंझारपुर स्टेडियम मे दोसर क्रेडिट आउटरीच कार्यक्रम मे भाग लेतीह। ओ मिथिला हाटक दौरा कऽ मिथिलांचक कला, शिल्प आओर व्यंजन के सेहो देखतीह। श्रीमती सीतारामन मिथिला चित्रकला संस्थान मे मिथिला चित्रकलाक कलाकार आओर पद्म पुरस्कार विजेता सभ सँ सेहो गपशप करतीह।

---

केन्द्र सरकार बिहार सहित देशक तेईस राज्यक प्रसिद्ध पर्यटन स्थल के वैश्विक स्तर जेहेन विकसित करबाक लेल तीन हजार तीन सय करोड़ टाकाक चालीस परियोजना के स्वीकृति देलक अछि। ई परियोजना मे सहरसा जिलाक प्रसिद्ध मत्स्यगंधा झीलक विकास

आओर कैमूर जिलाक करमचक इको टूरिज्म हब के सेहो विकसित कयल जायत। मत्स्यगंधा झील मे राजगीरक बाद राज्यक दोसर ग्लास ब्रीज विशेष आकर्षणक केन्द्र होयत।

---

बिहार विधान मंडलक शीतकालीन सत्रक पाँचम दिन विधान परिषदक कार्यवाही दुपहर बाद अनिश्चित कालक लेल स्थगित कऽ देल गेल। एहि सँ पहिने परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह सदन के जनौलनि जे ई सत्र मे पाँच विधेयक पारित कयल गेल। एहि मे बिहार माल आओर सेवा कर विधेयक, बेतिया राजक संपत्ति के निहित करयवला विधेयक, बिहार सरकारी परिसर विधेयक, खेल विश्वविद्यालय विधेयक आओर बिहार विनियोग विधेयक अछि। सभापति सदन के जनौलनि जे परिषदक दू सय आठम सत्र मे पाँच बैसक कयल गेल। ओ जनौलनि जे सत्रक बिच सदस्य सभ अपन संसदीय दायित्वक निर्वाह करैत लोकसभक समस्याक समाधानक लेल अपन प्रतिबद्धता देखौलनि। ओ सदनक सभ सदस्य के बधाई देलनि अछि।

---

विश्वविद्यालय अनुदान आयोग शीघ्रहि स्नातक छात्र सभ लेल डिग्री पाठ्यक्रमक अवधि कम करय या बढ़ेबाक विकल्प देत। विश्वविद्यालय अनुदान आयोग त्वरित आओर विस्तारित डिग्री कार्यक्रमक लेल मानक प्रक्रिया के स्वीकृति दऽ देलक अछि। आयोगक अध्यक्ष जगदीश कुमार पत्रकार सभ के जनौलनि जे त्वरित डिग्री कार्यक्रम सँ कम समय मे तीन साल या चारि सालक डिग्री हासिल करय मे मददि भेटत।

---

बेगूसराय सिमरियाक राजेन्द्र सेतु पर स्पैन संख्या पाँच पर ढलाई काजक कारण आइ राति दस बजे सँ काल्हि भोर छओ बजे धरि आवाजाही बंद रहत। एहि बिच एम्बुलेंस सहित आनो–आन आपातकालीन सेवा के छूट देल जायत।

---

बिहार लोक सेवा आयोग दिस सँ प्रधानाध्यापक, प्रधान शिक्षक, विद्यालय अध्यापक आओर सक्षमता परीक्षा उत्तीर्ण स्थानीय निकायक शिक्षक सभक काउंसिलिंग नओ दिसंबर सँ एकतीस दिसंबर धरि लेल जायत।

———————————————————————

अगिला मास मे मनाओल जायवला विवाह पंचमी के लऽकऽ श्रद्धालु सभक भारी भीड़ के देखैत नेपाली ट्रेनक परिचालनक समय निर्धारित नहि रहत। जयनगर स्टेशनक संग–संग कतेको शहर सँ जनकपुर जायवला रेल यात्री, श्रद्धालु सभक लेल जनकपुर नेपाली स्टेशन पर विशेष प्रबंध कयल जायत। नेपाल रेलवेक महा प्रबंधक निरंजन झा ई जनतब देलनि अछि। ओ जनौलनि जे श्रद्धालु सभक आगमन के लऽकऽ तैयारी कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

उत्तर पछिया हवाक कारण राजधानी पटना सहित प्रदेशक बेसि क्षेत्र मे ठंढ़ा बढ़ल अछि। मौसम विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बिच रोहतास जिलाक डेहरी राज्यक सभ सँ बेसि ठंढ़ा स्थान रहल, जतय न्यूनतम तापमान नओ दशमलव पाँच डिग्री सेल्सियस रहल। एम्हर, घनगर कुहेसक कारण राज्यक कतेको क्षेत्र मे सड़क, रेल आओर हवाई यातायात पर असरि पड़ल अछि।

———————————————————————

समाप्त